

**NGANALISIS MÉTODE SURVEY, QUESTION, READ, RECITE,
REVIEW (SQ3R) PIKEUN KAPARIGELAN MACA
PAMAHAMAN PESERTA DIDIK**

Ku

Sayyidah Aminah

NPM 175060020

RINGKÉSAN

Ieu panalungkitan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis jeung kajian ngeunaan konsep, stratégi pangajaran sarta patalina tina métode Survey, Question, Read, Recite, Review (SQ3R) kana kaparigelan maca pamahaman peserta didik. Kaparigelan maca pamahaman nyaéta kagiatan anu dilakukeun ku pamaca pikeun nyangking ma'na atawa informasi anu aya dina téks bacaan. Tapi, dina prakna/émparona mah kaparigelan maca pamahaman peserta didik téh kawilang héngkér ku lantaran métode atawa stratégi anu digunakeun ku guru téh sipatna masih kontéktual. Dumasar kana kasang tukang, iéu panalungtikan téh ngagunakeun ilikan studi literatur tina jurnal. Iéu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif nyaéta ngébréhkeun kajadian anu geus karandapan ku subjek ngaliwatan bahasa ilmiah anu sumberna tina tilu belas jurnal panalungtikan saméméhna sareng variabel X dina iéu panalungtikan nyaéta métode Survey, Question, Read, Recite, Review (SQ3R), sedengkeun variabel Y nyaéta kaparigelan maca pamahaman peserta didik. Téknik ngumpulkeun data dina iéu panalungtikan nyaéta ngalieatan editing, organizing jeung finding. Teknik analisis data dina iéu panalungkitan nyaéta deduktif, induktif, komparatif jeung interpretative. Hasil tina iéu panalungtikan téh ngébréhkeun yén kaparigelan maca pamahaman peserta didik téh dipangaruhan ku sawatara daktor. Pikeun ngaronjatkeun kaparigelan maca pamahaman peserta didik téh diperlukeun salah sahiji métode atawa statégi pangajaran nyaéta métode Survey, Question, Read, Recite, Review (SQ3R). Métode SQ3R mangrupa métode pangajaran pikeun maca pamahaman peserta didik anu ngawengku genep komponén dina pangajaran. Éta hal téh dibuktikeun dumasar kana unggal sumber anu dianalisis jeung bisa dikuatkeun ku ayana panalungtikan saméméhna anu ngébréhkeun yén métode SQ3R téh bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca pamahaman peserta didik.

Kecap galeuh: *Kaparigelan maca pamahaman, métode Survey, Question, Read, Recite, Review (SQ3R).*